

# Pran Vaksen kont COVID-19: Jèn 5-17 ane Novanm 2021



## Pfizer-BioNTech se sèl vaksen ki otorize pou adolesan yo ki gen laj 5-17 ane.

Administrasyon Manje ak Medikaman Etazini [U.S. Food and Drug Administration (FDA)] te otorize vaksen Pfizer-BioNTech pou itilizasyon ijans pou timoun yo ki gen laj 5-17 ane e yo te jwenn ke li efikas anpil epi li pa gen okenn pwoblèm sekirite grav. Timoun yo ki gen laj 5-11 ane pral resevwa yon dòz vaksen ki pi fèb pase dòz adolesan yo ki gen plis pase laj 12 ane ak adilt yo. Dòz vaksen an baze sou laj timoun nan, men se pa sou pwa. Vaksen Pfizer-BioNTech egzije de dòz, ke yo bay nan entèval twa semèn. Lè sa posib, yo ta dwe bay dezyèm dòz la nan menm sit vaksinasyon premye dòz la. Pou chèche konnen ki kote pitit ou ka pran vaksen Pfizer-BioNTech la, vizite: <https://www.maine.gov/covid19/vaccines> oswa rele 1-888-445-4111.



## Pèmisyon yon paran oswa gadyen obligatwa pou timoun yo ki gen laj 5-17 ane.

- Paran oswa gadyen yo ka bay pèmisyon nan de fason:
  1. Pa telefòn avèk yon temwen kap tande sou liy telefòn nan, jan sit vaksinasyon an fè aranjman an
  2. Pa konsantman alekri sou papye oswa elektwonikman.
- Chak sit vaksinasyon gen yon fòm konsantman. Swiv enstriksyon yo pou soumèt fòm sit vaksinasyon an bay la.
- Gen kèk adolesan ki anba laj 18 ane yo ka bay pwòp konsantman yo pou vaksinasyon. Pou w jwenn plis enfòmasyon, tanpri vizite: <https://www.maine.gov/covid19/vaccines/public-faq>.
- Li rekòmande, men li pa obligatwa, ke yon paran oswa gadyen prezan pandan vaksinasyon an. Pou adolesan yo kote se DHHS ki se gadyen legal la, adolesan an dwe akonpaye avèk yon travayè sosyal oswa yon paran resous, sof nan klinik vaksinasyon ki baze nan lekòl, kote li rekòmande mwen li pa obligatwa, pou yon paran resous oswa travayè sosyal prezan.
- Si posib, adolesan an ta dwe pote yon fòm idantifikasyon nan randevou yo. Si pa gen dokiman ki disponib, paran oswa gadyen yo ka testifye sou elijiblite adolesan an pou l resevwa vaksen an.



**Vaksen an gratis.** Gouvènman federal la pral kouvri depans pou vaksen pitit ou an. Yo pa p chaje oswa faktire w, men founisè w ka mande w pou enfòmasyon asirans pitit ou kidonk yo ka faktire paske yap bay vaksen an. Pwofesyonèl medikal ou an pa ta dwe chaje pou yon vizit nan klinik si pitit ou ale sèlman pou vaksen an.



**Transpòtasyon gratis disponib.** Rezidan Maine yo ki pa gen transpòtasyon fyab ka jwenn yon woulib pou yo ale nan sit randevou vaksinasyon yo gratis, enkli adolesan yo ki gen laj 5-17 ane. Ou dwe pwograme randevou vaksen an anvan, apresa ou ka rezève yon trajè lè ou rele 1-855-608-5172 (Lendi jiska Samdi, 7:00am rive 4pm) **omwen 48 èdtan anvan** randevou a. Konpayi transpòtasyon an pral bezwen konnen alavans si yon paran oswa gadyen prale nan randevou a. Pou itilize sèvis transpòtasyon sa a, timoun ki gen laj 5-15 ane **dwe** akonpaye avèk yon paran oswa gadyen legal. Paran oswa Gadyen legal yo **pa** oblije akonpaye adolesan laj 16 ak 17 ane nan trajè yo pou vaksinasyon an. Sèvis transpòtasyon an pa valab pou klinik gichè sou volan.

## **Ki vaksen ki aktyèlman otorize pou jèn yo ki gen laj 5-17 ane?**

Aktyèlman, se sèlman vaksen Pfizer-BioNTech FDA te otorize pou itilizasyon ijans pou jèn yo ki gen laj 5-17 ane. Vaksen Pfizer-BioNTech vini nan de dòz diferan, yon dòz ki pi fèb pou laj 5-11 ane ak yon pi gwo dòz pou moun ki gen plis pase laj 12 ane. Yo te itilize dòz ki pi piti a nan esè klinik la pou timoun laj 5-11 ane. Vaksen an anbale avèk diferan koulè anlètèt li kidonk founisè yo ka wè diferans ant vaksen Pfizer pou timoun laj 5-11 ane ak youn pou moun laj 12 ane ak pi gran. Vaksen *Moderna ak Johnson & Johnson (J&J)/Janssen pòko otorize pou moun yo ki anba laj 18 ane, men yo nan etid pou pwochen apwobasyon.*

## **Kimoun ki ta dwe resevwa yon vaksen COVID-19?**

Pran vaksen se pi bon fason pou anpeche COVID-19. Li rekòmande ke timoun yo ki gen yon istwa antededan enfeksyon avèk COVID-19 ta dwe resevwa tou yon vaksen pou COVID-19. Se chwa ou pou pran vaksen an. Si ou deside pou pran l, ou ta dwe di pwofesyonèl vaksen w lan si pitit ou:

- Gen yon istwa reyaksyon alèjik grav
- Gen yon fyèv
- Gen yon pwoblèm senyman oswa ap pran medikaman pou dilye san
- Gen pwoblèm nan sistèm iminitè oswa sou yon medikaman ki afekte sistèm iminitè
- Te resevwa yon lòt vaksen COVID-19

Ou ta dwe pale avèk pwofesyonèl sante pitit ou si yo gen yon reyaksyon alèjik grav nan premye dòz vaksen Pfizer-BioNTech oswa avèk nenpòt engredyen ki nan vaksen an anvan ou pran dezyèm dòz la.

## **Kisa ki nan vaksen COVID-19 lan?**

Vaksen Pfizer-BioNTech gen ladan engredyen aktiv mesaje RNA (mRNA) ansanm avèk grès, sèl ak sik pou pwoteje pati aktif vaksen an epi ede l travay pi byen nan kò a. Li pa gen viris vivan COVID-19, oswa lòt konsèvatè oswa sibstans. Yon moun pa ka pran COVID-19 lè li pran vaksen an.

**Kisa ki pase apre pitit mwen fin vaksinen?** Pitit ou pral bezwen pou l rete tann 15 a 30 minit anvan ou kite sit vaksen an kidonk pwofesyonèl vaksen an ka ede pitit ou si yo gen yon reyaksyon alèjik oswa lòt efè segondè. Pandan yap rete tann, ou ka enskri pou v-safe pou rapòte nenpòt efè segondè pitit ou ap eksperimante epi jwenn yon rapèl pou dezyèm dòz yo: [v-safe.cdc.gov](https://v-safe.cdc.gov).

**Li komen pou gen efè segondè** youn pou rive twa jou apre ou fin pran vaksen an. Efè segondè yo se fatig, doule nan misk, doule nan bra kote pitit ou te pran vaksen an, fyèv, maltèt, doule jwenti, frison, kèplen, oswa vomisman. Sa yo se siy ke vaksen an ap travay. Si sentòm ou yo pa ale nan lespas twa oswa kat jou, kontakte doktè oswa klinik yo. Oumenm oswa pwofesyonèl vaksen ou ka rapòte efè segondè nan Sistèm pou Rapòte Efè negatif avèk vaksen an [Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS)]: [vaers.hhs.gov/reportevent.html](https://vaers.hhs.gov/reportevent.html)

**Rele 911 si pitit ou gen yon reyaksyon alèjik apre ou fin kite klinik lan.** Siy yon reyaksyon alèjik ka gen ladan difikilte pou respire, anflamasyon figi ak gòj, batman kè rapid, yon gwo gratèl nan tout kò a, toudisman ak feblès.

**Asire ou mete yon randevou pou dezyèm dòz pitit ou an.** Yo pral bezwen pou yo retounen nan twa semèn pou yo pran dezyèm dòz la.

**Apre pitit ou fin pran vaksen an, yo ta dwe kontinye mete mask yo, rete sis pye (de mè) apa, ak evite rasanbleman pou pwoteje moun sila yo ki potko vaksinen.** Li pral pran de semèn apre pitit ou fin resevwa dezyèm dòz yo nan vaksen Pfizer-BioNTech pou yo ka jwenn pwoteksyon nan COVID-19.

Li ansekirite pou pran vaksen kont grip ak lòt vaksen timoun anmenmtan ke pitit ou ap pran vaksen kont COVID-19.

Vizite [www.maine.gov/covid19/vaccines](https://www.maine.gov/covid19/vaccines) pou w jwenn plis enfòmasyon. Ou ka rele tou Liy Vaksinasyon Kominotè COVID- 19 nan: 1-888-445-4111.